7.- YAAY JU JOGE BITIM REEW

Na ngeen defe maangi tudd Ivonne, maangi dëkk Quito ca Ekwadoor, bëmë ñëwé Espaañ ak léegi matna juróom ñetti at

Amnaa ñetti doom yoo xamné atum 2000 lañefi ñëw. Lima gënoona jaaxal mooy buñ ñëwee nan lañuy def ba miin doxalinu njàŋgmi fi ci Espaañ ndax tàmbaliwoon nañu jàŋg fale ca Quito .waaye biñu ñëwee rekk dama dàddi deme seet ban ekool moo gën jege te gën ci ñoom.

Ci njalbeen bi amoon naa jaaxlé lool ci nan la leen seen yeyeen moroomi eleeweyi di dalale, ak ci bane calas lañu leen di dugël. Ku mag ki bimu ñëwee dañu ko yóbbu ci ñaareelu atmi, ki ci toope ñu yóbbu ko ci atmu njëkmi, ki gënë ndaw ñu yóbbu ko ñeteelu atum primeer (mooy CE1)

Sama doom yi ñu déggoo lañu ak seen moroom yi, Bangui soga aksi dalal nañleen, àndak ñoom di fo. Ci ngoon si buñu jàŋgee ba wàcc, sama doom yi doon nañu def tamit yeneen mbir. Ku mag ki dafa bëgg torop teaatar; mootax bocón na ci trupu teaataru ekoolbi ay at yu bari. Ñaar ñi ci des ñoom basket mooleen neexooon. Yeneen jamano yiñu deful dara dañuy génn àndak seen xarit yi di fo

Léegi xamnaa ni sama ëlëgu doom yi lu yaakaaru la. Ku mag ki mingi jàŋg psykoloji, mooy ñiy jàŋg jikkoy nit ñi, boolekoo'k di liggéey. Mootax ci kërëm lay jàŋge bu liggéeyee ba wàcc. Te it wóorna ko ni su paree njàŋgam fii la bëgg liggéeye. Keneen ki tamit mingi jàŋg mecce, ku ndaw ki moom xamagul lumuy doon ëlëg

Xamnaa bubaax ni bàyyi sama réew ñëw ci réew moo xamni bookkuleen ningeen di dunde lu jafela, man sax amnaa saas ndax suñu làkk bi benn la te it xawna ñu niroo niñiy dunde waaye ñeneen ñi dina xawa jafe ci ñoom.

Dinga toollu jamano yoo xamni dinga namm lool sa réew, sa waa kër, sa yoonu dundin ndax yooyu danga taqoo'k ñoom, waayenak mën nga dund fi sa yooyu dundin yinga doon dund sa réew boole ko'k niñiy dunde fii te dooci am benn jafejafe